Uwahohotewe ashobora kwitwara: kwa Buramatari, mu biro bijejwe agateka k'amuntu, (Complaints of harassment can also be filed with): Regional Director, Office for Civil Rights, ibisata bijejwe indero muri Leta zunze ubumwe za Amerika, (U.S. Department of Education); 8th floor, 5 Post Office Square, Boston, MA 02109-3921; Email: **OCR.Boston@ed.gov**, **(617) 289-0111** or **(877) 521-2172 (TDD)**; canke kuri komiseri aharanira agateka k'amuntu muri Vermont (the Vermont Human Rights Commission), 14-16 Baldwin St., Montpelier, VT 05633-6301, Email: **human.rights@state.vt.us**, **(800) 416-2010 (Voice)** or **(877) 294-9200 (TTY)**.

ITOGWA RY'UMWANA.

Nkuko amategeko ya Leta nkuru abisaba, ubuyobozi bw'amashure mu ntara ya Burlington rigerageza kwemerera, kurondera n'ugutohoza imyaka y'abana kuva bakivuka gushika kumyaka mirongo ibiri n'umwe (0-21) y'amavuko, bashobora kuba bakwijiye amategako asabwa hamwe n'abakeneye gufashwa kuronka indero idasa n'iyi abandi (Essential Education) hamwe n'imfashanyo bategerezwa kuba boronka.

Mugihe woba uzi neza ko amwana wawe afise ubumuga akaba kandi ari hagati y'imyaka yokuvuka gushika kur'itanu, hamagara inimeru **864-8463**. Niyo umwana wawe naho ari hagati y'imyaka itanu gushika kuri mirongo ibiri n'umwe (5-21), hamagara nimeru **864-8456** yabajijwe gufasha abanyeshure bafise ubumuga bunaka (Special Services Office).

INDERO N'INYIFATO

Abanyeshure bese bari kw'ishure mu ntara ya Burlington, basabwa ko bakurikiza amategeko ngendegwako asabwa hamwe n'ingeso nziza mugihe aba ari mu muni y'ishure, mu ma bisi y'ishure, mu mabisi asanzwe bakoresha ku kw'ishure hamwe no kumusi wibikogwa vy'ishure; abakozi bamashure mu ntara ya Burlington niba bategerezwa gushinga no gukwirikirana ko iyo

Amategeko ya Vermont asaba ko amashure akwirikirana hafi incanjo z'umwana. mugihe umuvyeyi atazoba yabitanze, umwana ntazotangura ishure adafise igipapuro kiri ku gihe cerekana yuko yacandazwe.

Ibsabwa:

- Tanga ivyerekanwa ko umwana wawe yaronse incanjo zose ku munesi w'ishure
- Mugihe uzibona ko umwana wawe hariho incanjo abura, saba umutware kwa muganga bazi mutere hanyuma uce ubimenyesha umunesi wo kw'ishure kugira abishireko icemezo

Incanjo zikewe cane Zigizwe nibi vyose bikurikira:

Imigwi y'incanjo ya DTaP (ubukangwe, tetanus) n'inkorora za kanira; incanjo za Polio; MMR (agasama, amasambambwiga, rubella);igitigu c'ubwoko bwa B; n'incanjo zikingira ivirusi ya Varicella (ibihara).

Ivyemezo vy'incanjo bitegerezwa gutangwa:

- Mugihe umwana abayimuriye ku mashure yo muri Burlington
- Iyo umwana atanguye cekeceya
- mu w'indwi: (Tdap booster)

Mugihe umwana ugwaye, ategerezwa kutaba afise umuriro mwinshi, kudacibwamwo, no kutadahwa mu masaha 24 imbere yuko aja kw'ishure.

Inda zo mu mutwe

Abavyeyi, abarezi bategerezwa kwama basuzumye mu mitwe yabana babao buri indwi, na canecane imbere yuko batangura ishure mukiringo ki nini c'uburukoko. Kugira uzibone neza ni uko mukoresha igisokozo gifise amenyo hanyuma mukaza murasokozwa umushatsi mukemuke musuzuma. Mugihe uzoba uzibonye, muze mubimenyeshe umunesi wo kw'ishure canke umuganga w'umwana bazoguha umpanuro z'ukuntu wovyifatamwo kugira zigende burundu. Niyo umwana bamusanga afise inda kw'ishure bazobikumenyesha. Ni vyiza yuko ufata neza umwana wawe imbere yuko atangura ishure.

Ubuyobozi bujijwe indero mu ntara barakwirikirana, tugakwirikiza amategeko yo muri Vermont igisata kiraba amagara y'abantu n'igisata kiraba gukingira aindwara zandukira. Ku nkuru zimvaho, ja kuri **<https://identify.us.com/idmybug/head-lice/head-lice-FAQS/index.html>**.



**Kwiyemeza kwubahiriza
ubutandukane n'ubunganwe
bw'abantu bava mu
mihingo yose.**

Ubudasa bw'abanyeshure bacu ni nk'agashimwe kuri twebw aha muri Burlington. Nivyo ubuyobozi bwemeza neza yuko abanyeshure bose, abigisha, abarongozi hamwe n'abakozi bose b'amashure bategerezwa kubahirizwa mugihe baba bari ku mashure, hamwe nahandi hose bakorera aho ubudasa bw'ubahirizwa kandi bakabuhimbaza.

Ubuyobozi bwerekanye bwivuye inyuma mu guhimiriza abanyeshure kutagira iviyumviro bijanye n'ubudasa bw'urukoba, ubwoko canke ubutunzi. Ubuyobozi bukuru bw'amashure bwongeye kwiyemeza guharanira uburinganire bw'abantu bose(mu kwezi kwa gatatutu 2017) kandi bushigikiye umugambi w'ubwenge wo mu 2017. Umugambi w'ubwenge wasubiyemwo gahunda y'uburinganire. Mu kiringo c'umurongozi w'amashure mu ntara Yaw Obeng, ibiro bijewe gukwirikirana ubusa bwa bantu, ubunganwe hamwe n'abanyagihugu bahurikiye hamwe(DECIP) nibo bajewe guhuza abantu, ubudasa bwa banyeshure mu ntara yacu ya Burlington kugira tumenye neza yuko koko abanyeshure bacu bose bariko baronka indero kurugero rumwe tudashize inyuma gukorana n'imiryango yabo hamwe n'abanyagihugu bose. Ja k'umurongo www.bsdtv.org ushaka amakuru y'ibi.

Multilingual Liaison Program Iprograma ihuza amasure n'imiryango ivuga indimi nyinshi (Multilingual Liaison Program)

The Multilingual Liaison (ML) Program ni programa yisangije mu ntara ya Burlington ikora muguhuza imiryango hamwe n'abanyeshure. Igizwe n'abakozi 11 bakora amasaha akwiye nay'igice bakora bahuza amashure n'imiryango hanyuma kandi bagafasha abanyeshure bavuga indimi 10 zitandukanye. Iprograma ya ML ikorana kandi n'abasiguzi barenga 20 bakorera hanzu y'amashure kuzindi ndimi zivugwa mukarere kacyi bakora bahuza amashure n'iryo mu ndimi yumvamwo. Abo bakozi rero babasiguzi hamwe bahuza bafasha abanyeshure bangana 971 bo ku mashure yo muri Burlington School District kuva PreK-12, bavuga izindi ndimi mu hira Atari icongereza hamwe n'imiryango yabo. Ku nkuru zi mvao vugana nuwuserukira iyo programa Nijaza Semic kuri (802) 288-6048 canke nsemic@bsdtv.org ku bibazo icarico cose.

ndero ikwirikizwa kumategeko yashinzwe. Abavyeyi canke abarezi n'abakozi b'ishure n'ubuyobozi bwindero mu ntara ya Burlington bategerezwa gukorera hamwe mu guhimiriza abanyeshure gukwirikiza indero nziza mu banyeshure bose. Naho a'uko, igikogwa nyamukuru gisigara kubanyeshure n'abavyeyi babo canke abarezi. Abarezi canke abavyeyi bazobamenyesha n'umwana wabo yigenza nabi akigira indero mbi irenze urugero, niyabandanya kandi akora asubiramwo indero zitemewe akigenza nabi.

IMIGENZO YO KWUBAKA

Imigenzo yo kwubaka ifise imizi yo kwubaka no kwongera kwubaka imigenderanire izana umuco w'uburinganire n'ubwisange biyuma umuntu yoroherwa akanamenya. Intara y'amashure ye Burlington ifatanije na Kominote ya Burlington, ishigikiye Imigenzo yo Kwubaka igakora ibishoboka vyose kugirango abantu bose, harimwo nakokorewe nabi, bashigikiye bigaca bituma haba umwuka mwiza wo gufasha no guha abantu bose ingivu.

Indero: Ingingo zo kwubahiriza indero zizoshingwa kugira zikwirikirane uko uburenganzira bw'umunyeshure ukuntu bukwirikirana mugihe azoba yigenjeje nabi birenze amategeko asabwa.

Ibihano biboneka vyo kumubiri: gukoresha ibihano vyo kumubiri biboneka, bisigura, gusotora umuntu kubushake hama ukababara kubera indero, ibi rero birabujijwe cane gwose. Gukoresha inguvu kumwo yumvikana kandi ikeneze kugira wivune, canke kandi ukingire umunyeshure, abandi bantu, kuburaro kandi mugihe biba bikenewe, kugira ugabanye ingorane ntibibujijwe.

Ku nkuru z'ingingo ya H17, genda kuri www.bsdtv.org.

IBIYAYURA MUTWE HAMWE N'IBIBOREZA

Nkuko leta nkuru ijewe amategeko ya Vermont abisaba (ikigabane ca cumi n'agatandatu (16), ingingo 1165, 909). Amashure yo muri Burlington arafise amategeko ngendegwako yo kugwanya ibiyayura mutwe hamwe n'inzoga ziboreza guhera mu mashure yo muri cekeceya(amashure y'ibinyoni) gushika mu wicumi n'akabiri(K-12) . Ikindi kandi, hariho iporogaramu y'abigisha itanga inyigisho, abahanuzi n'abafasha, umugwi wemeye kuja hamwe mu gufasha mu buvuzi bwemewe n'ategeko, ingingo za shinzwe n'ubuyobozi bw'ishure hamwe n'ugukoresha ubumenyi bwabanyagihugu kuvyerekeye iyi ngorane yibiyayura mutwe hamwe n'inzoga ziboreza.

Iyo umunyeshure arenze amategeko yashinzwe n'ishure ku bikoresha, kuba abitunze, abitanga canke agurisha canke ngo abe yaramaze kwandukirwa n'abino biyayura mutwe biboreza, uburongozi bw'ishure burafise kumufatira bino bihano bikurikira:

- Kudatanga umwanya ukwiye wogukora ico ashaka.
- Gutumizako inama y'umuvyeyi.

■ Gusinya ikontara canke kugiranira umugambi werekeye inyifato y'umunyeshure hagati y'umuvyeyi canke umurezi bose barikumwe, umugabo n'umugore.

■ Kumwimurira ku kindi kigo c'ishure kiri muyindi ntara.

■ Kumurungika gukwirikirana n'ayadi mashirahamwe kure ya leta abamwo. Niyishira muri ubwo bwononyi kandi bwokugurisha ibitajanywe n'amategeko azoharurwa ko ari kosa rihambaye azoca arungikwa kandi kurindi shirahawe rihana biciye mu mategeko. Kwirukanwa kw'ishure igihe kirekire canke kandi gitoya.

■ Kwirukanwa burundu (ubutakigaruka).

Ku nkuru zimvaho zerekeye amategeko ya H8R, genda kuri www.bsdtv.org.

INFASHANYO Y'INDERO KU BANYESHURE

Intumbero y'ubuyobozi bw'amashure mu ntara ya Burlington mugutanga indero n'afashanyo ku banyeshure ni ukugira akarusho kugira bamenye mw'ishure canke bamenye vyinshi mu vyigwa basanzwe biga. Ishure ryose mu ntara ya Burlington riramaze gushinga umugwi ukora ufasha mu gutanga indero yakarushirizwaho, ryemera ko abanyeshure bafise ingorane mu vyigwa no mu myigenzo bakongera bagafasha abigisha mukwitanga no mu gutegura inyigisho canke ibibanza nkenegwa vya banyeshure bakeneye amasomero yisangije atari nkay'abandi canke mu bikogwa. Uyu mugwi uregeranya inkuru ziva mu bikorwa vyawo, ishure rica rizikoresha mu gupanga ibikorwa vy'ishure kugira bungure ubumenyi bw'uwo mugambi wogufasha abanyeshure mu kubaha indero.

Niwashaka kumenya vyinshi vyerekeye indero yogufasha itangwa, ntutinye kubaza umukuru w'ishure canke umuhanuzi w'ishure.

Ku nkuru zimvaho ziyizingo H11, genda kuri www.bsdtv.org.

INFASHANYO Y'INDERO KU BANYESHURE

Intara ya mashure ya Burlington irazi yuko ubuhinga bw'ivyuma(IT) buri mu bijanye no kwigisha no kurera abana b'iki gihe kugirango batsinde mu buzima bwabo akaba arico gituma intara ishigikiye ko abanyeshure n'abakozi bayo bahabwa ibikorereho vy'ubuhinga bw'ivyuma. Igitema iri tegeko ririmo ni:

1. Kuzana umwuka utez'imbere tekinoloji mu buryo bushigikiye ubumenyi, butuma abantu bakorana bwongera inguvu abakozi mu kazi kavo.
2. Gukora ibishoboka vyose kugirango umutekano wabantu bose baba bakoresha ivyuma bijanye na tekinoloji vy'amashure mu nzira zitandukanye.
3. Gukurikiza ibisabwa vyose n'amategeko ya leta ya Vermont na Amerika agenda ikoresha rya interineti n'ibindi bikoresha vy'inzara z'amashure.



Gutonda kw'ishure/ Guceregwa

Intara y'amashure ya Burlington itanga ku banyeshure n'abakozi ibintu vyinshi bijanye na tekinoloji harimwo na interineti. Ibi bituma ubumenyi buter'imbere mu ma Kominote yacu n'isi yose. Mugabo kworohereza abantu gukoresha ivyo vyuma bizana no gukoresha neza ivyo vyuma. Ikoreshwa ry'ivyo vyuma n'ugufasha si uburenganzira. Ayo mategeko ajanye n'ikoreshwa ry'ivyuma araba abanyeshure bose kandi ahana n'agahohotero ku interineti.

Amakompiyuta yose n'imirongo yayo yose n'ivyintara. Nta muntu n'umwe yarakwiriye kw'izera ko ivyo akoreshaho bizoba mw'ibanga hamwe n'ibintu vyose azoba y'ibikiye ku giti ciwe.

Umuyobozi mukuru w'amashure niwe ajejwegushirako amategeko ajanye n'ikoreshwa ry'ivyuma vya tekinoloji.

Iri tegeko riraba umuntu wese ashikira umurongo w'intara. Ibikoresho vyo kuvuganirako no gukorana, na/canke inkuru y'umunyeshure kw'ishure canke hanze, n'umuntu wese akoresheje ivyuma vya tekinoloji vy'intara kw'ishure canke hanze.

Intara ntizokurikiranwa mu gihe umuntu azoba yakoresheje nabi canke yakoresheje ivy'abandi, yibeshe canke azubaye n'amahera yose yosabwa. Intara ntisabwe kumenya neza ukuri, imyaka ikwiriye canke igikwiriye gukoreshwa ku nkuru yose iri ku vyuma vya tekinoloji vy'intara harimwo na interineti.

Intara ntibazwa ku kintu cononekaye, harimo, mugabo bidahagariye ku, kubura umurongo canke icikagurika ry'umurongo. Intara ntishinzwe kugenzura ukuri canke inkuru nziza yaronswe canke yabitswe mu vyuma vya tekinoloji harimwo na interineti, canke ibisaba amafaranga avuye mu gukora ibitatazweko uruhusha.

Intara ifise uburenganzira bwo guharika ikoreshwa no/canke gutanga ibihano bijanye no gukoresha nabi ivyuma vyayo vya tekinoloji. Habaye ikirego cuko umuntu atakurikije iri tegeko, Intara y'amashure izokurikirana iki kibazo yifashshije itegeko ry'ibihano vy'abanyeshure. Ibirego vy'abakozi bijanye no kutubaha iri tegeko bizokurikizwa mu nzira zasinywe zijanye n'akazi hamwe n'amategeko.

IMYAKA YO GUTANGURIRAKO ISHURE

Abanyeshure basanzwe baba mugisagara ca Burlington, batangura arihamwe bakwijiye imyaka itanu (5) imbere y'itariki 9/1 mu mwaka bazoba bashaka gutangurirako ishure. Mugihe umunyeshure afise imyaka itandatu (6) imbere 9/30, ashobora kwandikishwa mu mwaka wa mbere.

GUPIMISHA AMATWI N'AMASO

Amashure yose asabwa gupima amatwi y'abanyeshure ko yumva uko umwaka utashe mu yabo y'intara guhera mu mashure yintango, cekeceya, muwa mbere, mu wagatatu, n'umwaka w'agatanu. Gupima ko abanyeshure babona neza abasabwa gupimwa nabo guhera mu mashure yo kwimenyereza (yintango, pre school), muri cekeceya (amashure y'ibinyoni), mu w'ambere,

mu wagatatu, mu wagatanu, mu w'indwi, muw'icenda hamwe n'umwaka w'icumin'akabiri. Abavyeyi bafise kubuza abana babo ko bakoregwa ivyo bipimo, mu kubimenyesha umukuru w'ishure.

IMITI KU MASHURE

Umuyeyi canke umurezi ategerezwa kwuzura ifomu uko umwaka utashe yo gusaba ko yorekurigwa kumirira imiti kw'ishure mu masaha y'ishureigwandiko ruvuda uko imiti ifatwa ruvuye kumuganga wiwe rurakenewe. Ibinini bitegerezwa kuba biri mugacupa kavyo umunyeshure yahawe kwa muganga mugihe aba abizanye kw'ishure, handitseko kandi izina ry'umunyeshure n'uko abifata. Umu formakazi w'ishure canke umufasha wiwe azobibika iyo miti mu kabati gafunze aho yagenewe kubikwa. Hamagara umunesi wo kw'ishure kugira arabe uko vyoza bigenda ku banyeshure boba bafise ingaruka ku miti canke bafise asthma canke mugihe uzoba ufise ikibazo carico cose kubijanye niyo miti.

IGISODA/ABAKOresha KU BARANGIJE AMASHURE

Abavyeyi barashora gusaba ko urutonde gw'izina ry'umwana wabo, inimeru zaho baba, itelefone kugatangwa kubarondera abaja kugwanira igihugu canke abatwara abanyeshure barangije iashure ry'isumbuye ataruhusha bahawe n'umuyeyi canke ngo atere iki nkumu abarekurire. Ku nkuru zi mvaho, vugana numukuru w'ishure ry'umwana wawe.

UKUTINUBANA (KUTAVANGURA)

Ubuyobozi bw'amashure mu ntara ya Burlington hamwe n'abakozi baryo ntibi gera binuba abandi bakozi hamwe canke n'abarondera akazi, canke abanyeshure bubwo urukoba gwabo, ubudasa bw'igitsina, ukwemera, idini, ubumuga, kumugara, inkomoko yabo canke igitsina (harimwo kandi ariko kandi si ngombwa ku bibungenze, abarezi hamwe nukuntu bari baba bubatse canke batubatse) aho yavukiye, igihugu c'amavukiro kuba wubatse canke utubatse canke ivyiyumviro vyoguhuza ibitsina.

Iri tegeko ryo kutinubana riritangazwa kw'ishure ryose riri mu ntara k'ubuzi n'amashure, mu mategeko, ingingo canke kumaporogaramu, ibikogwa, kubitanga hamwe n'ahandi. Kur'ivyo ubuyobozi bw'amashure mu ntara izofata ingingo yogutanga kazi kubantu bamugaye bakwiriye kobaja muri porogaramu baronka infashanyo ziva muri Leta nkuru mu ngingo y'indero itangwa kubamugaye.

Abakozi, abarondera ubuzi hamwe n'abanyeshure barahimirizwa gukoresha ingingo z'ibirego vyo hagati mu ntara kugira bashire ahabona inkuru zose zijanye n'ukwonona amategeko y'ubuyobozi mu ntara boba afise hamwe nokwubahiriza agateka kajanye n'ukwinubana. Abakozi bose bakora ku mashure yo muri Burlington bazokorana bishitse mw'itohozwa ryose rizokorwa rikwirikije ayamategeko, bozoba imvuga kuri hamwe n'abatanga inkuru nyazo. Kuvyiyongera kuri zino ngingo zo mu ntara

Leta ya Vermont isaba yuko umwana wese atangura ishure afise imyaka itandatu.

Abarezi/abavyeyi basabwa kubimenyesha ishure mugihe umunyeshure aba ataje kw'ishure.

Ku bisibo vyose n'ugucererwa ku mwana wawe, tuzobikumenyesha we nku muvuyeyi canke umurezi:

- **Ku bisibo/ guceregwa 5:** Uzoronka Ushobora kuronka ikete canke tuguhamagare tukwibutsa amategeko asabwa n'intara.
- **Ku bisibo canke guceregwa 10:** Uzoronka Ushobora kuronka ikete canke baguhamagare bizogenda nkivyo umbwambere mugihe umwana azoba yakoze ibisa nivyari bihasanzwe, ihure rizogutumako mu nama uzogiranira n'ishure ku bijanye n'itonda ry'umwana wawe.
- **Kubisibo/guceregwa gushika 15:** Ishure rishobora kugutumako mu nama uzogiranira n'ishure kugira muvugane ukuntu ugutonda kw'umwana wawe kwogenda neza.
- **Ku bisibo birenga 15 naho:** Umuca manza mukuru wa Leta ashobora gushikana ikirego muri sentare iraba ivy'imiryango.

Ivy twifuza- n'ivyo Leta ya Vermont yifuza- dushaka yuko abanyeshure bose baja kw'ishure hanyuma bakiga. Mudufashije n'atwe tukabafasha tuzoba turiko dutegura kazoza keza kabana banyu mukubahiririza kuza kw'ishure.





Infunguro y'umwana hamwe n'Infungurwa Zitangwa

Uporoje itanga infuro ku mashure yo muri Burlington ritanga infunguro za ndema mubiri ku banyeshure biga muri Burlington. I timu yacyu iriko ikora muterera kugira ananyeshure kumenya nea mw'ishure mu gufungura neza kuzobagira akamaro n'amagara meza muri kazozo. Tubagaburira infunduro zo mugitondo ku mutaga nizo inyuma y'amashure kandi tubigira ku mashure yose.

Tugabura infunguro ku mashure dushigikiwe ni porogarama ya Lata (National School Lunch and Breakfast) twisunze kande amategeko nkuko abivugaga ya Healthy Hunger-Free Kids Act yo mu 2010. Aya mategeko yashizweho kugira agabanyekuyibuha kwa cane kubana bakiri bato mugutanga infuro bashatse abanyeshure. Infunguro zose, indya, niyoye kunywa biba biteguwe bikagaburwa n'abakozi bavyigiyeye ibijanye ni ngaburo ku bana.

Infunguro tugabura:

- Abanyeshure bose barafungura mugatondo ku buntu
- Abanyeshure bose barafungura kumutaga ku buntu.
- Abanyeshure kuva muri cekeceya gushika mu wagatanu bararya ivyamwa,imboga baakiri mu mashure yabo ku buntu
- Indya zo kumutaga zigizwe ni supu twikorera, imboga mbisi, ibisuguti hamwe n'amata buri musi.

Umugambi w'indya w'amashure ya Burlington unejewe no gutanga indya mucu ubicishije muri porogaramu yo guanga indya mucu

Twakoze uko dushoboye kugira Turabandanya kwongereza infunguro ziyarimwe iwacu kugira zizohore zigabugwa mu bururi, na twagira tubamenyeshe yuko ivyotugabura vyinshi ari ibirimwa muri Vermont.

(Bibandiririza kurupapuro rukurikira.)

hagati zijanye n'ibirego, izindi ngingo kandi zikwirikirana ibirego, uzisanga ku murongo wacu wa w'ishure no mu biro vy'umukuru w'ishure.

Umurongozi wa District's Title VI, the Age Discrimination Act Coordinator, and the Americans with Disabilities Act Coordinator ku banyeshure, abakozi, hamwe n'abandi ni **Jack McCarthy**, Human Resources Assistant Director; **(802) 864-2159** canke **(800) 253-0191 (TDD)**. The Americans with Disabilities Act Coordinator ku banyeshure n'ingingo ya 504 ni **Laura Nugent**, Director of Special Education, **(802) 864-8456** or **(800) 253-0191 (TDD)**.

Mu mwanya wokugaragaza icese zino ngingo, umuyobozi w'intara ajejwe ingingo ya IX, umurongozi akwirikirana ubutungane bwa bahohotewe hamwe nu murongozi akwirikirana abamugaye baba bakozi, abanyeshure, abavyeyi hamwe n'abandi nk'incuti, abageni, abashitsi canke abaje gutembera ni: **Henri Sparks**, Equity Director; **(802) 865-4168** or **(800) 253-0191 (TDD)**.

Ariko, ku nkuru dufise ubu twisunze umuyobozi wi ikigabane ca IX, amategeko akwirikirana abahohoterwa, hamwe nuwukwirikirana abamugaye babanyamerika, ja kuri **www.bsdvt.org** canke uhamagare uwukwirikirana imigenderanire y'abakozi, ubudasa nurunganwe ku bakozi 150 Colchester Ave., Burlington, VT 05401; **(802) 865-5332** ku nkuru zindi ziyi ngingo uzisanga ku murongo w'amashure ya Burlington .

Ibisabwa vyerekeranye n'isabwa ryingingo zo kutinubana ushobora kuzironka ku murongo w'intara, ibiro vyuburenganzira bw'abanyagihugu, Ibiro bikwirikirana indero muri Amerika (U.S. Department of Education), Ibiro vy'ubutungane ku banyagihugu (Office for Civil Rights), 5 Post Office Square 8th Floor / Suite 900, Boston, MA 02109-3921; **Tel: (617) 289-0111**. Fax: **(617) 289-0150**, canke intumwa ikingira agateka kumuntu I vermont, 135 State St., Drawer 33, Montpelier VT 05633-6301, **human.rights@hrc.state.vt.us**, **(800) 416-2010 (Voice/TTY)**; or **828-2480 (Voice/TTY)**.

Abakozi canke abariko barondera akazi bazi neza ko boba barigezwe kubonegwa, bategerezwa kuvugana n'intumwa ijejwe gukwirikirana icyo kuronka agateka mu vyakazi 1801 L. Street, N.W.; Washington, D.C. 20507, canke uhamagare iynumero kubuntu: **(800) 669-EEOC**.

GUTANGA INKURU Z'ABAVYEYI/ ABAREZI

Niwame wamenyesheje ishure inumero nshasha ya Telefone aho umuntu afise ububasha bwo kuba umvyeyi abirekuriwe n'amategeko kandi abijejwe canke umurezi w'umwana wawe dushobora gushikira mugihe uba utari imuhira. Inumero za telephone z'abavyeyi canke abarezi canke inumero y'umubanyo zizokoresheya mugihe hazoba habaye ikintu cihutigwa Atari icabose kikaba k' umuntu umwe gusa, habaye nki ndwara canke impanuka.

INGINGO YO GUKINGIRA UBURENGANZIRA BW'UMUNYESHURE

Mu ngingo ya Leta nkuru yogukingira uburenganzira bw'umunyeshure, abavyeyi bafise uburenganzira bwo kumenyeshwa itohoza Iryo ariyoye ryose ry'umwana wabo rigizwe n'uruhande rwa gatatu, mu kwegeranya inkuru zokoresheya mu ruganda rw'amatohoza hamwe n'ibindi bibazo bitari mu vyihitirwa canke ipimwa canke ugusuzumwa. Abavyeyi bafise uburenganzira bwo kubuza abana babo gukorera nk'ayo matohoza hamwe kandi n'uburenganzira bwo kugendura itohoza canke ibikoreshe vyagenewe gukora iryo tohoza, gupima canke gusuzuma.hambavu yivyo, iyo ngingo iratanga uburenganzira bwo kugendura ibikoreshe bikoreshwa mu ndinganizo y'uburezi.

KWUGARA ISHURE.

Iyo bibaye ngombwa ko amashure yugagwa, tuzobimenyesha dukoresheje ubuhinga bwa Connect 5 inyuma y'isaha cumi n'azibiri z'umugoroba. Muzashobora kubimenya kandi biciye muri TV n'amaradiyo, ku murongo wacu w'amashure. Amatangazo azoba aciyeye muri Connect 5 muzoyaronka biciye mu ma imeyili, amamesaje no mu matelephone. Ni vyiza ko mu menyesha ishure inumero nshasha kugira buno buryo bushashya bwa Connect 5 bubashikire.Mushobora kutanga inumero zanyu nshasha muri izo mpapuro zizosubizwa kw'ishure mucishije mu buryo bwa PowerSchool Registration. Ku musi wose w'ishure ico arico cose gishobora gushika bigasabwa ko amashure yugarwa canke ibikorwa bimwebimwe bigasiba. Kugira ivyo bibe ni uko umurongozi w'amashure aiwe azoba yashizeho iryotegeko abisabwe n'abakuru b'amashure, abajejwe ibigo vy'amashure canke naho ikigo ca polisi. Bazobamenyesha vyihuta mugihe bino bizoba bisitse naho hamwehamwe bisaba ko amashure yugarwa muburyo bwihuta.



Iyo abanyeshure barungitswe mu hira:

Cekeceya /Abanyeshure bo mu mashure y'intango: barahamagara abavyeyi kugira bamenyeshwe biciye mu buhinga bwo kurikodi amajwi (Connect5). Abanyeshure bazohabwa umuntu uzoba watanze izina ryiwe kw'ishure. Iyi nkuru izokwama yasubiwe mu. Mugihe habaye ngombwa ko abanyeshure bava mw'ishure, abanyeshure azoshigwa hafi y'ishure bavuyemwo aho bashobora kuza kubatora. Baza ishure ry'umwana wawe aho ikikibanza kiri.

Abanyeshure bo mu m'ashure yohagati hamwe n'ayisumbuye. Abanyeshure bafata I basi mu kuja kw'ishure, bazofata kandi ibasi ibajana imuhira, naho ishure rizoba ryugawe hakiri kare. Ubuyobozi bw'amashure bwiteze ko umunyeshure wese y'iga mw'ishura ryo hagati (middle) canke kw'ishure ryisumbuye bashobora kuba barabariwe n'abavyeyi canke abarezi babo ico bokora canke iyo boca baja mugihe ishure rugaye hakiri kare. N'abanyeshure bashobora gusigara mu bibanza vy'ishure barindiriyeye ubusafiri, n'abakozi nabonyene b'amashure bazotaha.

UMUTEKANO W'ISHURE.

Ubuyobozi bw'amashure mu ntara bubandanya bukora kugira bungure kandi bongeze igipimo c'umutekano. Igisata kijejwe kwiheza ingorane zishobora gushika riri mu kibanza co kwama batanze inyishu kubakozi b'amashure kuyerekeye ibintu vyose vyoshika, Kuri ivyo, komite ijejwe gukwirikirana ivyo umutekano w'ishure mu ntara yose, harimwo n'abakozi ba polisi I Burlington n'igisata kijejwe mugihe habaye icaguka c'umuriro, barahura uko ukwezi gutashe.

Gukwirikirana umutekano w'ishure ugizwe:

Ikiranga umuntu: Ni ukuraba neza umuntu wese yinjijye mubanza vy'ishure, abakozi bose barafise amakadi hariko ifoto ibaranga yambagwa igihe cose abaje kw'ishure. Bagizwe n'abigisha, abahinga b'ishure, abarongozi, abakozi bose baraba ivy'inyubakwa hamwe n'abavuzi, abaraba ivy'imfungugwa, hamwe n'abafasha bese bakorera kw'ishure.

Abashitsi: abashitsi b'ishure basabwa kwambara ikibaranga ko ari abashitsi b'ishure kumunsi w'ishure. Abakozi bam'ashure basabwa kuraba umuntu wese y'isunuyeye ari mu kibanza c'ishure atambaye ikimuranga canke ko ari umushitsi arekuriwe kw'injira n'ukubayobora babajana ku biro.

Imiryango: amashure yose turetse amashure y'ishure asabwa kwugara imiryango yose mu mwanya w'ishure. Abashitsi basabwa guca mu muryango mukuru aho baringa kuvuza inkengeri/bagafatwa nivideo.

Ibimenyetso: ikimenyetso kiyobora umushitsi mu biro bikuru kizomanikwa ku nyubakwa zarizo zose kugira umushitsi aronke ikimuranga.

AMABANGA/INKURU Z'UMUNYESHURE

Abavyeyi canke abarezi b'umunyeshure biga bari mu ntara y'ubuyobozi bw'ishure I Burlington hari uburenganzira bafise bujanye n'itunganywa ry'indero yotuma umunyeshure amenyekana, iryo i ntara ibungabungira umunyeshure wese. Ubu burenganzira yashinzwe n'ingingo iraba uburenganzira bw'indero y'umuryango hamwe n'ingingo y'okubika ibanga. (Family Education and Privacy Act).

Uburenganzira bw'abavyeyi n'ubwabarezi hamwe n'uburenganzira bw'abanyeshure babikwiriye:

- Kugenzura no gutohoza inkuru z'indero y'umunyeshure mu mwanya wagenewe.
- Kurondera inkuru z'ukungene umunyeshure yisubirako mu ndero mudihe bikenewe.
- Uburenganzira bwogufuta inkuru z'indero mbi zivuye mw'itunganywa ry'indero y'umunyeshure.
- Kubika ibirego vyerekeye ubwononyi bw'ubuyobozi bw'amashure mu ntara I Burlington bw'amategoko y'ingingo ijejwe gukwirikirana indero mu muryango hamwe n'ukubika ibanga rifatanije n'igisata c'indero muri Leta zunze ubumwe z'amerika, amategoko y'umuryango n'ibiro bijejwe ubutungane, Washington, D.C., 20202.

Igendugwa n'itohozwa ry'inkuru z'indero: umukuru w'ishure canke uwundi muyobozi abikwiriye azokwegeranya mu masaha y'akazi inkuru z'ikenewe gukoreshwa vyihutigwa n'uguca amenyesha abavyeyi canke abarezi, umunyeshure abikwiriye canke umunyeshure asaba umwanya n'ikibanza zizo nkuru ziishobora kundendugwa.

Ugusaba isubigwamwo ry'inkuru zijanye n'indero.

Abavyeyi / abarezi canke abanyeshure babirekuriwe bategerezwa gusaba ubuyobozi bw'amashure mu ntara ya Burlington gusubiramwo inkuru zabitswe z'umunyeshure wabo. Bategerezwa kwerekana neza igice c'izo nkuru zabo bashaka ko zihindugwa, bakerekana neza kandi igituma bemera ko izonkuru Atari zo zukuri, uburongozi bubi canke ko ari ukurenga amategoko yo kubika inkuru z'umunyeshure canke ubundi burenganzira.

Gutanga Inkuru z'umunyeshure Ataruhusha

rw'Umuvyeyi/ Umurezi: Ubuyobozi bw'amashure mu ntara ya Burlington buzofuta inkuru z'umunyeshure batarinze kubimenyesha abavyeyi canke abarezi bivanye n'ubushake bwingingo igwanira agateka kinder zumuryango n'ukubika ibanga, ingingo, 99 CFR §99.31 n'igisata c'ubupolisi hamwe n'ingingo ziraba itunganywa ry'inkuru z'umunyeshure (JO).

Aho ushobora gukura Inkuru :

I ntara ishobora gutanga inkuru zataziriwe nk' inkuru ziranga umunyeshure (Directory information) kiretse ubavyeyi/abarezi



Infunguro y'umwana hamwe n'Infungurwa Zitangwa

Iporogaramu yacu ya farm to school ihuza abanyeshure n'imiryango kurya infunguro zose, zikiri nshasha kandi zarimiwe iwacu hamwe na barimiyo bo muri Vermont kugira dutenze imbere amagara menya yaba nyaVermont. Tugura infungurwa zarimiwe I Vermont n'abarimiyo barimira ahatandukanye mu bibanza birenga 23. kugura infunguro zarimwe mu ntara yacu bidufasha gutez'imbere amaporogaramu ahuza abanyeshure n'indya zarimiwe iwabo no gutanga akaryo ku barimiyo kugurisha ivyimbura vyabo ku mashure mu makominote yabo. Iyi perogaramu yacu ishizwe imirima myinshi yo mu ntara kandi ikaraba ingene ikora no kwigisha abantu kubijanye n'uburimiyo. Mwoba mwarabonye ibikamyo vyacu muci? Tubasavye kuja kuri webusaiti yacu kugirango murabe ingene ibiva mu murima bija mw'ishure bikora mw'ibarabara.

Ukuntu bariha biri kuri uyu mu rongo:
<http://burlingtonschoolfoodproject.org>.





Ukuntu ubutunzi bw'ishure bw'ifashe

Town Meeting Day — Ku wakabiri wa mbera w'ukwezi kwa gatatu- ni gihe abatora basabwa kuzotora i bije y'ishure. Urashobora kuronka inkuru kuvyerekeye integuro y'ikoreshwa ry'amahera y'ishure kuri ayamasoko:

Ukoresheje umurongo w'amashure wa: www.bsdtv.org

- Ishure ryawe
- Icegeranyo c'umwaka wose c'intara. Ishobora kuboneka ku banyagisagara mu nama y'urwego ndongozi rw'ishure muri Ruhuhuma
- Inama y'urwego nyobozi rw'ishure
- Inama y'ikoraniro y'integuro z'ababanyi
- Kumbonesha kure ya Comcast ku murongo wa 16-RETN hamwe nu wa 17-imboneshakure y'inama y'igisagara
- Abagize urwego nyobozi rw'ishure. Ku nkuru zikwiye raba imbere muri ibi bitangazwa



Kwungura ubumenyi bw'abigisha

Intumbero ya kino gikorwa ni ukugira abigisha bame bahari kandi bafise ubumenyi bukwiye.

Intara iriko ikoresha amafaranga ya Leta nkuru na n'ubwo mugutegura uburyo bwuko hobaho inyungura bumenyi kuri bose zizoba zigizwe nuburongozi mu bwigisha, ubahanzu bw'ubuzi hamwe n'inyigisho zo mukarere babamwo.

- Ikibazo ca Leta citwa Common Core gikorwa n'abanyeshure bo kuva muri Cececeya-12
- Inyigisho zitandukanye-kwigisha abanyeshure kurugero rumwe
- Kwigisha umunyeshure we wenyene no kumwitaho Igicwa
- Kumenya neza imirango y'abanyeshure bigisha
- Ukuntu bategerezwaga kwigisha mugufasha abanyeshure
- Kumenya uko bategerezwaga kwitwara, inyisfata y'abigisha
- Ubuvinga bwa none
- Restorative Justice. Ibikorwa vyo kwubaka.
- Kwigisha Igice indimburo neza ibirimwo
- Kumenya akaranga kawo
- Gufasha abanyeshure bihagije
- Amamuko yabanyeshure hamwe n'ururi mu ku banyeshure bavuye izindi ndimi.

ba bwiye I ntara ko bashakira inkuru zabo ko zija ahobona. Inkuru zikurikira zitwa inkuru zindanga munyeshure: izina ry'umuvyeyi /umurezi n'aho aba, imeyili (email address), izina ry'umunyeshure, aho aba (address), inimeru ya telephone, itariki y'amavuko, igitsina, ibiro n'ububure bwabanyamugwi wabakina n'abafasha mu bikorwa bizwi n'intara, amatariki utonderako, ibipimo n'ubushimwe uronka, igitabu c'amafoto y'umwaka, amafoto yo mw'ishure, amashure aherukirako kujako kw'ishure iryo umunyeshure yungururirijwe, niba bishoboka. Ku bubasha bw'ubuyobozi bw'intara canke umurongozi w'ishure, inkuru nkizi zirashobora gusohorwa.

Urubibe rwo Kudasohora aho Inkuru Zisangwa:

Mu gihe udashakira ko ubuyobozi bw'amashure bushira ahabona inkuru zawe ataruhusha bahawe n'umuvyeyi /umurezi canke umunyeshure abifitiye uburenganzira ategerezwaga kwandika asaba umukuru w'ishure ry'umunyeshure mu misi 10 y'akazi y'umusi wo gutangirako iryo tangazo canke umusi umunyeshure wawe atanguye ishure, ico arico cose kije nyuma.

Kumenyesha Abigisha hamwe n'Abandi Bategetsi b'Amashure ku Neza y'Indero y'abana:

Hakurikijwe ingingo (FERPA) iraba ivy ubumunyi n'ibikwa ry'amabanga(, amategeko yayo hamwe n'amategeko n'ingendo y'ubuyobozi b'ishure, ubuyobozi bw'intara buzohere umwigisha amana y'umunyeshure hamwe n'abandi bategetsi bajijwe indero. Nabo ni:

- Umuntu akora igikorwa gisiguye neza mu bikorwa ashinzwe canke n'ikontaro (amasezerano)
- Umuntu akora igikorwa kiroranye n'indero y'umunyeshure
- Umuntu akora igikorwa kiroranye n'urupfasoni rw'umunyeshure
- Umuntu atanga imfashanyo iroranye n'umunyeshure canke umuryango wiwe nka asiranse, uguhanura, canke ugufasha mu vy'akazi
- Umuntu akora igikorwa kiroranye n'itonda ry'umunyeshure kw'ishure ibibazo bijanye n'iyubahirizwa ry'amategeko harimwo n'abanyeshure
- Umuntu akora igikorwa kiroranye n'ukubungabunga impore n'umutekano w'intara harimwo n'abanyeshure bayo

Ushaka kumenya inzira yuzuye ja kuri www.bsdtv.org

IMPAMYABUSHOBOZI Y'UMWIGISHA/ICEGERA

Kubera ko ubuyobozi bw'amashure bwo mu ntara ya Burlington, buronka infashanyo yamafaranga y'abafasha bagise ubushobozi bwo kwigisha, abavyeyi, bafise ububasha bwo kuronka inkuru zemeza neza ko umwigisha yoba yahawe ububasha na Leta bwo kwigisha n'urupapuro gwerekana ko afise ububasha bwo kwigisha,

ko umwigisha yoba afise ibimuranga nku umwigisha, abikwiriye koko canke akagira icemezo carico cose, hamwe n'ivyo yakwirikiranye kuri kaminuza yiwe canke irenga.

Iyo umunyeshure yigishwa n'umwigisha yabinonosoye, ubushobozi bw'ubabinonosoye bategerezwaga bwo kwitwara mu kwigisha abana. Ni ku bushake bw'intara ko atamunyeshure azokwigishwa n'umwigisha ku masaha ane (4) canke indwi zikwirikirana atabifitiye ububasha nkuko Leta n'amategeko ya Leta nkuru abisigura.

Ku nkuru zimvaho za F14, ja kuri www.bsdtv.org.

KWIGIRA MUHIRA KW'UMUNYESHURE

Abanyeshure babikwiriye barashobora kwigishirizwa mu hira canke mu bitaro igihe carico cose bataba badashoboye kuza kw'ishure mu misi 10 y'ishure ikwirikirana kubera ko baba bagize ibibazo nki ingwara, kwibungenga.

Ku nkuru zi mvaho, baza umukuru w'ishure.

GUFATA AMAFOTO, AMASANAMU HAMWE N'IMIKANDA

Imisi mikuru nki gihe co gutanga ubushimwe, inkino, indirimbo, kinonora imitsi canke iyindi misi mikuru yubahirijwe abantu bose bayizi kandi rero nki bindi vyimiziki, ibinyamakuru ntivyemewe mu mategeko y'ishure, umuriro wagutse, impanuka canke ikindi kintu kidasanzwe, umukuru w'ishure niwe azogira ico afashe niyo abanyagihugu canke amaradiyo,ibinyamakuru ko vyorekugwa kuza kugira itohozo ryivyabaye kw'ishure.

Iyi ngingo ngingo ntikorana no gufata amasanamu, amafoto canke gufata imikanda, ishure ryo nyene n'iryo rizovyikorera bivanye ni nyungu rizoba rifise kundero y'abanyeshure canke aho ibikogwa bizoba bisabwa ko bikorwa kugira ibikorwa vyabanyeshure n'ivyabikorera ivyabo kugira amategeko abigenga ashobore kwugagwa.

Ugufata amasanamu, imikanda canke amafoto kumunyeshure wariwe weseataruhusha canke igituma kiboneka wahawe n'umunyeshure wenyene, kirabujijwe cane, kiretse arihamwe bibaye ngombwa kubera amategeko yingaruka mbi z'umutekano wiwe urekuriwe, bikemeweza kandi n'abakuru bubuyoyi bwa-mashure.

Abanyeshure bazorenga izi nzira aya mategeko bazofatigwa ibihano bazohanwa n'amategeko.

Ku ngingo yose ya H29, ja kuri www.bsdtv.org.

GUTUNGA INKOHU

Umunyeshure azosanganwa imbunda canke inkoho n'uburongozi bw'ishure inyuma yitohozwa canke isuzumwa, akayizana kw'ishure, ashobora kwirukanwa ishure umwaka wose w'ishure.



Ikibazo ca Leta

Buri murushana abanyeshure bose bo muri Vermont bakora ikibazo citwa the Smarter Balanced Assessment. The Smarter Balanced Assessment gisabwa n'itegeko rya Leta rya Student Succeeds Act, ku banyeshure bo mumwaka wa 3 – 8 no 11 bagakora kandi ikibazo ca Leta citwa Common Core State Standards ikibazo gikorwa mu congereza n'ibiharuro. The Smarter Balanced assessment gifasha kumenya uko abanyeshure bamenya kurugero rwa Leta, uko umunyeshure yiyungura ubumenyi kangari uko amenya ku mwanya runaka hamwe nukuntu ariko yitegurira kuja kuri kaminuza hamwe n'ibindi azokora muri kazozo. Ikibazo gikwirikiza arugero umwana arimwo hanyuma kandi kikerekana ukuntu umunyeshure yiteguriye kuja kuri kaminuza canke kuzofata ubundi bumenyi. Ingingo nyamukuru yakino kibazo cerekana uko umwana yiga muri uyo mwaka w'ishure ku mwanya runaka kugira bategure abanyeshure bo mumashure y'isumbuye kwiga bihagije. Ico kibazo gitangura gukorwa mu kwezi kwa gatanu, kiba caramaze gutegurwa kugira gihe akaryo amashure ashobore gupanga uko kizokorwa mu ndi 12 imbere.

Ku nkuru z'imyaho zico kibazo ca the Smarter Balanced Assessment, ja: www.smarterbalanced.org.

Ikindi cyongerako, ikibazo ca Science NECAP gikorwa buri mwaka murushana n'abana bo mu wa 4, 8 n'11. Vermont iiko isubiramwo kuraba izindi nzira zico kibazo ca siyanse mugihe amashure nayo ariko ashaka guuza ivyigwa vyose bibe siyanse ku gwaruka gwa kazozo bafare kurungane runaka.

Ivyahindutse kuvyerekeye ibibazo vya leta bikenewe biba nyuma yo hagati y'imyaka 12 na 18 mu gihe ingingo yo gufasha umunyeshure gutsinda(ESSA) ishizwe mu ngiro.

Vermont Agency of Education Best Practices for Schools Regarding Transgender and Gender Nonconforming Students

Visit <http://education.vermont.gov/documents/edu-transgender-guidelines-for-schools.pdf>.